Montan Medicare 2023

Depans Pati A Medicare (Asirans Lopital)

Prim chak mwa:

- **$0 pou pifò moun** (paske yo oswa yon konjwen te peye taks Medicare ase lontan pandan y ap travay—anjeneral omwen 10 ane (40 trimès travay)). Si w resevwa Medicare pi bonè pase 65 lane, ou p ap peye yon prim Pati A. Yo rele sa pafwa "Pati A san prim.
- **Si ou pa kalifye pou Pati A san prim, ou ka oblije achte li.** Ou pral peye swa:
  - **$506** chak mwa si ou te peye taks Medicare pou mwens pase 30 trimès travay.
  - **$278** chak mwa si ou te peye taks Medicare pou 30–39 trimès travay

  Penalite pou enskripsyon anreta pou Pati A: Si w pa achte l lè w kalifye pou Medicare pou premye fwa (anjeneral lè w vin gen 65 an), prim mansyèl ou ka ogmante 10%. Ou pral oblije peye prim ki pi wo a pou de fwa kantite ane ou te ka gen Pati A, men ou pa t enskri.

Depans Pati A si ou genyen Medicare Orijinal

Depans	Ou Peye
Franchiz Pati A	**$1,600** pou chak peryòd avantaj lopital pou pasyan ki entène, anvan Medicare Orijinal kòmanse peye. Pa gen limit nan kantite peryòd avantaj ou ka genyen nan yon ane. Sa vle di ou ka peye dediktib la plis pase yon fwa nan yon ane. Pa gen limit nan peryòd avantaj ou kapab jwenn.
Ospitalizasyon Pasyan	▪ Jou 1–60: $0 apre ou fin peye franchiz Pati A ou a ▪ Jou 61-90: $400 kopeman pa jou nan chak peryòd avantaj ▪ Jou 91-150: $800 kopeman pou chak rezèv pou tout lavi jou apre jou 90 nan chak peryòd avantaj (jiska 60 jou pandan tout lavi ou) ▪ Apre jou 150: W ap peye tout depans apre ou fin itilize tout jou rezèv pou tout lavi yo **NÒT**: W ap peye pou sèvis enfimyè prive, yon televizyon, oswa yon telefòn nan chanm ou (si gen yon frè separe pou atik sa yo), atik swen pèsonèl (razwa oswa chosèt pantouf), oswa yon chanm prive, sof si yo nesesè medikalman.
Ospitalizasyon Pasyan Entèn Sante Mantal	Si w se yon pasyan ki entène nan yon lopital jeneral oswa sikyatrik, w ap peye tou 20% kantite lajan Medicare apwouve pou sèvis sante mantal ou jwenn nan men founisè yo pandan w ap rete a. **NÒT:** Si w ap resevwa sèvis nan yon lopital sikyatrik, sonje Pati A peye sèlman pou jiska 190 jou swen sikyatrik pou pasyan ki entène pandan dire lavi w.

Depans	Ou Peye
Etablisman ki Bay Swen Enfimyè Espesyalize	▪ Jou 1-20: $0 pou chak peryòd avantaj ▪ Jou 21–100: $200 kopeman pa jou pou ▪ Jou 101 ak plis: Ou peye tout depans yo
Swen Sante nan Kay	▪ $0 pou sèvis swen sante nan kay. ▪ 20% kantite lajan Medicare apwouve pou ekipman medikal dirab (DME), tankou chèz woulant, wòkè, kabann lopital, ak lòt ekipman.
Swen nan Ospis	▪ $0 pou sèvis swen ospis ki kouvri. ▪ Ou ka peye tou: • Yon kopeman jiska $5 pou chak medikaman sou preskripsyon ak lòt pwodwi menm jan an pou soulaje doulè ak pou kontwole sentòm pandan w lakay ou. Nan ka ki ra lè medikaman w lan pa kouvri nan avantaj ospis la, founisè ospis ou a ta dwe kontakte plan medikaman Medicare w la pou wè si li kouvri anba kouvèti medikaman Medicare (Pati D). • 5% kantite lajan Medicare apwouve pou swen relèv pasyan ki entène yo ▪ Medicare pa kouvri chanm ak manje lè w jwenn swen ospis lakay ou oswa nan yon lòt etablisman kote w ap viv (tankou yon mezon retrèt).

NÒT: Tout Plan Medicare Advantage dwe kouvri sèvis sa yo. Si w nan yon Plan Medicare Advantage, depans yo varye selon plan epi yo ka swa pi wo oswa pi ba pase sa yo ki nan Medicare Orijinal la. Revize “Prèv Kouvèti” ki nan plan w la.

Depans Pati B Medicare (Asirans Medikal)

Prim chak mwa: Kantite prim estanda Pati B an 2023 se **$164.90**. Pifò moun peye kantite prim estanda Pati B la. Si revni brit ajiste modifye ou a jan yo rapòte nan deklarasyon taks ou bay Internal Revenue Service (IRS) nan 2 zan de sa a pi wo pase yon sèten montan, ou ka peye yon Kantite Ajisteman Mansyèl ki Gen rapò ak Revni (IRMAA). IRMAA se yon frè siplemantè ki ajoute nan prim ou.

Sanksyon pou enskripsyon anreta: Nan pifò ka yo, si ou pa enskri pou Pati B lè w kalifye pou premye fwa, ou ka oblije peye yon penalite pou enskripsyon an reta pandan tout tan ou gen Pati B. Prim mansyèl Pati B ou a ka ogmante 10% nan prim estanda a pou chak 12 mwa okonplè nan peryòd ou te kapab genyen Pati B la, men ou pa t enskri. Epitou, ou ka oblije rete tann jiska Peryòd Enskripsyon Jeneral la (soti 1ye janvye rive 31 mas) pou w enskri nan Pati B. Kouvèti a ap kòmanse 1ye jiyè ane sa a. (Apati 1ye janvye 2023, kouvèti w ap kòmanse nan mwa apre w enskri.)

Depans Pati B si w gen Medicare Orijinal

Depans	Ou Peye
Franchiz Anyèl Pati B	**$226, anvan Medicare Orijinal kòmanse peye.** Ou peye franchiz sa a yon fwa chak ane.
Depans Jeneral pou Sèvis (ko-asirans)	Anjeneral 20% nan depans pou chak sèvis oswa atik ki kouvri nan Medicare apre ou fin peye franchiz ou a (epi toutotan doktè w oswa founisè swen sante w la aksepte montan Medicare apwouve a kòm peman konplè-yo rele "aksepte manda") pou sa yo. ▪ Pifò sèvis doktè (tankou pifò sèvis doktè pandan w se yon pasyan ki entène lopital) ▪ Terapi pasyan ki pa entène: ▪ Ekipman medikal dirab (Durable medical equipment, DME)
Sèvis Laboratwa nan Klinik	$0 pou sèvis laboratwa nan klinik ki kouvri yo
Swen Sante Nan Kay	▪ $0 pou sèvis swen sante nan kay ki kouvri ▪ 20% kantite lajan Medicare apwouve pou DME, tankou chèz woulant, wòkè, kabann lopital, ak lòt ekipman
Swen Lopital pou Pasyan ki Entène	20% kantite lajan Medicare apwouve pou pifò sèvis doktè pandan w se yon pasyan ki entène lopital
Swen Sante Mantal pou Pasyan ki pa Entène	▪ $0 pou tès depresyon anyèl ou si doktè w oswa founisè swen sante w aksepte manda. ▪ 20% kantite lajan Medicare apwouve pou vizit doktè w oswa lòt founisè swen sante pou fè dyagnostik oswa trete maladi w. Franchiz Pati B a ap aplike. ▪ Si w resevwa sèvis ou yo nan yon klinik pou pasyan ekstèn nan lopital oswa nan depatman pou pasyan ekstèn nan lopital la, ou ka oblije peye yon kantite lajan kopeman anplis oswa ko-asirans pou lopital la.
Swen Sante Mantal pou Pasyan ki Entène Pasyèl	Apre ou fin peye franchiz Pati B a: ▪ 20% kantite lajan Medicare apwouve pou chak sèvis ou resevwa nan men yon doktè oswa sèten lòt pwofesyonèl sante mantal kalifye ▪ Ko-asirans pou chak jou sèvis ospitalizasyon pasyèl ou jwenn nan yon kad lopital pou pasyan ekstèn oswa nan yon sant sante mantal kominotè

Depans	Ou Peye
Swen Lopital pou Pasyan Ekstèn	▪ Anjeneral 20% kantite lajan Medicare apwouve pou sèvis doktè a ak lòt founisè swen sante yo. Pou sèvis ki ka bay tou nan yon klinik doktè, ou ka peye plis pou sèvis pou pasyan ekstèn ou resevwa nan yon lopital pase sa w ap peye pou menm swen an nan yon klinik doktè. Men, kopeman lopital pou pasyan ekstèn pou sèvis la limite nan montan franchiz la pou pasyan ki entène a. ▪ Ou pral peye tou yon kopeman nan lopital la pou chak sèvis ou resevwa nan yon kad lopital pou pasyan ekstèn (eksepte pou sèten sèvis prevantif ki pa gen yon kopeman). Nan pifò ka yo, kopeman w pa pral pi plis pase kantite franchiz pou sejou lopital Pati A pou chak sèvis. ▪ Franchiz Pati B a ap aplike, eksepte pou sèten sèvis prevantif. Si w resevwa sèvis pou pasyan ekstèn lopital nan yon lopital ki gen aksè kritik, kopeman w lan ka pi wo epi li ka depase franchiz Pati A pou sejou lopital la.

NÒT: Tout Plan Medicare Advantage dwe kouvri sèvis sa yo. Si w nan yon Plan Medicare Advantage, depans yo varye selon plan epi yo ka swa pi wo oswa pi ba pase sa ki nan Medicare Orijinal. Revize "Prèv Kouvèti" nan plan ou an.

Si revni anyèl ou an 2021 (pou sa ou peye an 2023) te

Ranpli yon Fòm Deklarasyon Taks Endividyèl	Ranpli yon Fòm Deklarasyon Taks An Komen	Ranpli yon Fòm Deklarasyon Taks pou Marye Epi Separe	Ou Peye Chak Mwa (an 2023)
$97,000 oswa mwens	$194,000 oswa mwens	$97,000 oswa mwens	$164.90
Depase $97,000 jiska $123,000	Depase $194,000 jiska $246,000	Pa aplikab	$230.80
Depase $123,000 jiska $153,000	Depase $246,000 jiska $306,000	Pa aplikab	$329.70
Depase $153,000 jiska $183,000	Depase $306,000 jiska $366,000	Pa aplikab	$428.60
Depase $183,000 epi mwens pase $500,000	Depase $366,000 epi mwens pase $750,000	Depase $97,000 epi mwens pase $403,000 pase	$527.50
$500,000 oswa depase	$750,000 oswa depase	$403,000 oswa depase	$560.50

Pati D (Kouvèti Medikaman Medicare)

Prim benefisyè de baz Pati D - **$32.74** (itilize pou detèmine ki kantite penalite pou nenpòt enskripsyon an reta).

Franchiz, kopeman, ak ko-asirans - Kantite lajan ou peye pou franchiz, kopeman, ak/oswa ko-asirans Pati D yo varye selon plan an. Chèche depans espesifik pou pwoteksyon medikaman Medicare nan Medicare.gov/plan-compare, epi answit rele plan w enterese yo pou w jwenn plis detay.

Pati D penalite pou enskripsyon an reta - Ou gendwa dwe yon penalite pou enskripsyon an reta si nenpòt ki lè apre Peryòd Inisyal Enskripsyon ou a fini, gen yon peryòd 63 jou swivi oswa plis lè ou pa gen kouvèti medikaman Medicare oswa lòt pwoteksyon medikaman sou preskripsyon ki kreditab.

An jeneral, w ap oblije peye penalite sa a toutotan w gen pwoteksyon Medicare pou medikaman. Montan penalite pou enskripsyon an reta a depann de konbyen tan ou te pase san Pati D oswa pwoteksyon medikaman sou preskripsyon ki kreditab.

Medicare kalkile penalite a lè li miltipliye 1% "prim benefisyè baz nasyonal" ($32.74 an 2023) pa kantite mwa okonplè a, ki pa kouvri yo lè ou pa t gen Pati D oswa pwoteksyon kreditab. Prim mansyèl la awondi ak $.10 ki pi pre a epi yo ajoute li nan prim mansyèl Pati D ou a. Prim benefisyè baz nasyonal la ka chanje chak ane, kidonk montan penalite w la ka chanje tou chak ane.

Tablo ki anba la a montre prim mansyèl ou estime plan pou medikaman an baze sou revni ou jan yo rapòte nan deklarasyon taks IRS ou a. Si revni w pi wo depase yon sèten limit, w ap peye yon montan ajisteman chak mwa ki gen rapò ak revni anplis prim plan w lan.

Si estati w nan taks ou ranpli ak revni anyèl ou an 2021 te

Ranpli yon Fòm Deklarasyon Taks Endividyèl	Ranpli yon Fòm Deklarasyon Taks An Komen	Ranpli yon Fòm Deklarasyon Taks pou Marye Epi Separe	Ou Peye Chak Mwa (an 2023)
$97,000 oswa mwens	$194,000 oswa mwens	$97,000 oswa mwens	Prim Plan an pa Mwa
Depase $97,000 jiska $123,000	Depase $194,000 jiska $246,000	Pa aplikab	$12.20 + Prim Plan Ou
Depase $123,000 jiska $153,000	Depase $246,000 jiska $306,000	Pa aplikab	$31.50 + Prim Plan Ou
Depase $153,000 jiska $183,000	Depase $306,000 jiska $366,000	Pa aplikab	$50.70 + Prim Plan Ou
Depase $183,000 epi mwens pase $500,000	Depase $366,000 epi mwens pase $750,000	Depase $97,000 epi mwens pase $403,000	$70.00 + Prim Plan Ou
$500,000 oswa depase	$750,000 oswa depase	$403,000 oswa depase	$76.40 + Prim Plan Ou